# QORQÍT ATA JÍRLARÍ HÁM QARAQALPAQ DÁSTANLARÍ: ORTAQ SYUJET HÁM MOTIVLER

**Mnajatdinova M.J**

*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı*

**Annotaciya**: maqalada Qorqıt ata jırları hám qaraqalpaq xalıq dástanlarındağıı syujetlik, motivlik uqsaslıqlar, baylanıslar tuwralı pikirler hám analizler ilimiy-teoriyalıq miynetlerge súyenip jazıldı.

**Tayanısh sózler:** syujetlik uqsaslıq, qaharmanlıq syujetler, motiv, túskóriw motivi, tuwılıw motivi.

Hár qanday xalıqtıń mádeniyatı, tariyxı hám dástúrleri onıń milliy xalıqlıq dóretpesi bolǵan folklorında kórinedi. Folklorlıq shıǵarmalarda xalıqtıń ishki mádeniy turmısı menen qatar tuwısqan hám qońsı eller menen qatnasıqları da sáwlelenedi, bul bolsa óz gezeginde sol xalıq penen tıǵız baylanısta ómir súriw nátiyjesinde xalıqtıń folklorlıq dóretpelerinde de óz sáwleleniwin tabadı. Bunday dóretpelerge mısal etip túrkiy xalıqlar ushın ortaq folklorlıq miyras «Kitabı Dedem Qorkut» jırların kórsetiwimiz múmkin. Biz bul maqalamızda «Kitabı Dedem Qorkut» kitabı hám qaraqalpaq dástanlarındağı syujet hám motivler haqqında sóz etemiz.

«Kitabı Dedem Qorkut» kitabın basqa túrkiy xalıqlar qatarında qaraqalpaq ádebiyatshıları da úyrenip, bul dóretpeni qaraqalpaq dástanları menen salıstırmalı úyrendi. Atap aytqanda filologiya ilimleri doktorı S.Bahadirova óziniń izertlew jumısında mınaday pikirlerdi keltirip ótken: «Kitabı dedem Qorkut» jazba esteligin hár bir xalıqtıń házirgi folklorı menen salıstırıp izertlew ilimde úlken jańalıqlardıń betin ashadı. Birinshiden, bul nusqa XV ásirde xatqa túsirilgen, túrk tilindegi eń áyyemgi jazba estelik bolǵanlıǵı ushın bahalı. Bul jazba estelik penen házirgi folklordı salıstıra otırıp, orta ásirdegi túrkiy xalıqlardıń bárine ortaq bolǵan motivlerdiń, syujetlerdiń barlıǵına gúwa bolamız» [1.4].

Ilimpaz óz izertlewinde «Kitabı dedem Qorkut» jazba esteligindegi «Qan Búriniń balası Bamsi-Beyrek haqqında ertek» jırı menen qaraqalpaq xalıq dástanı «Alpamıs» dástanın óz ara syujetlik hám motivlik uqsaslıqları boyınsha salıstıradı.

Biz maqalamızda «Kitabı dedem Qorkut» jırların qaraqalpaq dástanları menen bir neshe uqsaslıq tárepleri, ortaq syujet hám motivlerin ózara salıstırıp úyreniwdi maqset ettik.

«Kitabı dedem Qorkut» kitabınıń ekinshi jırı, «Qarashıq shopan dástanı» jırındağı Salor Qazannıń úyin jaw shapqan waqıttağı motiv hám syujetler «Qoblan» dástanı menen uqsas bolıp keledi. Ekinshi jırda Salor Qazan ańǵa shıqqan waqıtta, elin jaw shabadı, al ol tús kóredi hám túsin tuwısqanına aytadı: «Sol kúni túnde el

bası Ulash ulı Salor Qazan qorqınıshlı tús kórdi. Uyqıdan tez oyandı, ayaqqa turdı. Tuwısqanı Qara Qunanı shaqırıp dedi: Bileseńbe, aǵayinim, Qara Quna men bir jaman tús kórdim. Qolıma uslaǵan lashın qusımdı alıptı. Jurtım qara bult hám qara jawın astında qalıptı…» [2.40] – dep tınıshsızlanıp, elinen xabar alıwǵa jalǵız atlanadı. Al, «Qoblan» dástanında bolsa Qoblan Azıwlı eline atlanıstan soń, bir kúni qorqınıshlı tús kóredi hám túsin qırq jigitine aytadı:

– Qırq jigitim, azamatım,
Qıpshaqlı deydi elatım,
Qırqıń berman jaqın keliń,
Búgin aqsham tús kúrdim,
Jup qanatı kesilgen,
Ál hawada qus kórdim.
Atam bolǵan Qıdırbay,
Eki qolı baylanıp,
Aydawda bolıp kórindi…[3.462-463].

Eki shıǵarmadaǵı batırlardıń elinen uzaqta júrgen waqıttaǵı elin jaw shabıwı, batırdıń tınıshsızlanıwı tús kóriw motivi arqalı beriledi. Tús kóriw motivi barlıq dástanlarda bar dástúriy motiv esaplanadı. Tús kóriwden keyingi batırlardıń is-háreketlerinde de uqsaslıqlar dawam etedi. Eki batırda túsin jorıtadı. Salor Qazannıń túsin tuwısqanı Qara Quna: «– Tuwısqanım, qara bult seniń dáwletiń, qar menen jamǵır seniń láshkerleriń, shash – qayǵı, qan – ólim» [2.40] – dep jorısa, Qoblannıń túsin dostı Doqtar xoja menen Qartxoja jorıydı:

Jatıp aqsham tús kórseń,
Jup qanatı kesilgen,
Álhawada qus kórseń,
Astıńdaǵı torı at,
Qanatlı qustan kem emes,
At bayraqqa jiberip,
Torı at ozıp kelgendi,
Sonı túsińde kórgenseń [3.464].

Soń eki batır da eline jalǵız atlanıp, qarsılasqan birinshi adamnan eliniń dáregin soraydı. Bunda tús kóriw motive tolıq saqlanıp, eki shıǵarmada birdey qollanılǵan. Sonday-aq, on ekinshi jır bolǵan «Salor Qazan» dástanında Dash hám Ish oǵuz qáwimleriniń sawash procesi qaraqalpaq xalqınıń «Er Ziywar» dástanındaǵı sawash procesin, urısıw dástúrin eske saladı. Bul bólimde Salor Qazanǵa qarsı dayısı Oraz bas kóteredi hám eki qáwim arasında sawash kelip shıǵadı. Sawashta dáslep eki tárepтiń batırları jekpe-jek shıǵadı, eń sońında eki patsha óz ara urısadı: «Aman ayttı: meniń qarsılasım Ters Uzan mıs bolsın, dedi Alıp Rustam: Meniń gózlegenim Xoja ulı Oqshı bolsın dedi. Hár biri ózlerine qarsılasların tańlap aldı» [2.197]. Usılayınsha

batırlar óz ara jekpe-jek shıqqannan soń, basshıları urısqa kirisedi. Bul tárizde batırlardıń sawashta kúsh sınasıp, óz eliniń abırayı hám óz dańqı ushın gúresiw syujetin «Er Ziywar» dástanında ushıratamız.

Hásen xannıń elin Taxtapolat jawlap kelgende Hásenxan jaw menen dáslep batırların, palwanların urıstıradı, kúsh sınastıradı. Sol arqalı eliniń er ekenligin, batır hám palwan jigitlerden ibarat ekenligin kórsetpekshi boladı:

Bul urıstıń qádesi,
Alıspaqtı palwanlar,
Urıspaqtı batırlar,
Barıń dushpan ústine,
Batırlarım jekpe-jek [4.11].

Usılayınsha sawash batırlardıń jekpe-jek urısıwınan baslanıp, dáslep Hásenxannıń Aqqozı isimli batırı menen Taxtapolattıń Aqjúginis degen batırı kúsh sınasadı:

Hásenxannıń palwanı,
Márt Aqqozı der edi.
Taxtapolat patshanıń,
Aqjúginis degen palwanı,
Qaptalında bar edi [4.11].

Usılayınsha eki shıǵarmada sawashtıń ázelden kiyatırǵan dástúri eki táreptiń batırları óz ara kúsh sınastırıwın kóriwimiz múmkin. Bul sawash dástúrin erte dáwirler miyrası «Illiada» shıǵarmasında Axiles hám Gektor sawashında kóriwimizge boladı. Bul bir tárepten batırlardıń jeke jawıngerlik urısı bolsa, ekinshi tárepten xalıqar namısı hám dańqı ushın gúresi esaplanadı.

«Kitabı dedem Qorkut» dóretpesinde qaharmanlıq dástanlarǵa tán bolǵan sawash waqtında táńriden, pirden járdem soraw motivi de ushırasadı. «Qazılıq xoja ulı Yaganak dástanı» jırında Yaganak Dirak penen sawashta dushpanǵa kúshi jetpeytuǵınlıǵın bilip, qudaydan járdem soraydı. Bul motivdi qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarınıń barlıǵında ushıratıwımız múmkin. Jetinshi jırda Yaganak Dirak penen sawash aldınan táńrige sıyınıp, onnan járdem soraydı:

Ullılardıń ullısısań,
Bárshemizge qunlısań!
Áziyz táńirim!
Mádet sıyın ber maǵan,
Saǵan sıyınaman [2.136-137].

Bunday motiv qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarına da tán. Máselen, «Alpamıs» dástanında:

Astıma tósendim nátálle mawıt,
Kiygende jarastı ǵubbalı sawıt,

Jigittiń piriseń, házireti Dawıt,
Qulálinen bosat jalǵız balańdı [5.26].

Bul motiv eki dástan da qudayǵa isenim, oǵan sıyınıw xalıq arasında keń en jayǵan, islam dini ornaǵan dáwirlerde dóretilgenliginen dárek beredi. Óytkeni, eki shıǵarmada payǵambar, pir atları da keltiriledi.

«Kitabı dedem Qorkut» dóretpesinde qaharmanlıq dástanlarǵa tán jáne bir motiv, batırdıń káramatlı tuwılıwın da kóriwimiz múmkin. Dóretpeniń segizinshi bólimi, «Basattıń dástanın»nda Basat káramatlı túrde, periden tuwıladı. Shopan suwda shomılıp atırǵan perilerdiń kiyimin urlaydı, sońında olardan biri menen jaqın qatnasta boladı hám peri shopanǵa: «Shopan! Jıldıń aqırında kel, Mennen amanatıńdı alarsań» [2.142] – dep ushıp ketedi. Bul «Edige» dástanındaǵı Edigeniń tuwılıw motive menen birdey. Bul sıyaqlı motivlerdiń birdey bolıp keliwi «Kitabı dedem Qorkut» jazba esteliginiń qaraqalpaq xalqı ushın da bahalı ekenliginen, dóretpede súwretlengen qaharmanlar qaraqalpaq xalqı ushın jaqın, tuwısqan ekenliginen dárek beredi.

Juwmaqlap aytqanda «Kitabı dedem Qorkut» jazba esteligi IX ásirlerdegi turkey xalıqlardıń turmısın sóz etkeni menen, ondaǵı qaharmanlardıń is-háreketleri, syujetler, motivler qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarındaǵı syujet hám motivlerdiń birazın eske túsiredi. Biz joqarıda sóz etken syujet hám motivler uluwma qaharmanlıq dástanlardıń barlıǵına ortaq, dástúriy esaplanadı. Bul uqsaslıqlardıń «Kitabı dedem Qorkut» jırlarınıń ayırımlarında, az sanda gezlesiwi shıǵarma dóretilgen waqıttaǵı xalıqtıń mádeniy turmısı, tariyxiy sharayatı hám dástúriy syujet hám motivlerdiń tolıq qáliplespewi yamasa altı ásirden keyin xatqa túsip, biraz ózgeriske ushıraǵanı menen bahalaw múmkin. Biraq bul «Kitabı dedem Qorkut» jazba esteliginiń qaraqalpaq qaharmanlıq dástanları menen baylanısın, syujetlik hám motivlik jaqınlıǵın tómenletpeydi.

## PAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Бахадирова С. Китабы дедем Қорқут, Қоблан, Едиге ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.

2. Қорқут ата китабы. – Ташкент: Anor books, 2022.

3. Қарақалпақ фолклоры. Көп томлық. IX-XIII том. «Қырық қыз». – Нөкис: Қарақалпақстан, 2009.

4. Қарақалпақ фолклоры. Көп томлық. I-VIII том. «Алпамыс». – Нөкис: Қарақалпақстан, 2007.